# Nókis qalasında 6 gektardan artıq jer maydanda “Jaslar baǵı” shólkemlestirildi

Qalamızdıń ekologiyalıq jaǵdayın jaqsılaw, jaslar arasında ana-tábiyatqa degen súyispenshilikti arttırıw, ekologiyalıq mádeniyattı jetilistiriw hám «Jasıl mákan ulıwma milliy háreketi sheńberindegi ilajlardı elede ǵalabalastırıw maqsetinde Nókis qalasındaǵı Jiydeli Baysın elatında Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslaması menen «Jasıl mákan» jaslar joybarı akciyası shólkemlestirildi.

Image not found or type unknown

Ótkerilgen akciyanı Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Saryiev ashıp berdi hám birinshi terek nálin otırǵızdı.

Akciyada sonday-aq, barlıq mákeme-kárxanalar, ministrlikler, tiyisli shólkemlerden wákiller, nuranıy-aqsaqallar, joqarı oqıw orınları hám kewilli jaslardan dúzilgen otryadları qatnastı.

Image not found or type unknown

Erte tańnan baslanǵan ilaj sheńberinde 5000 ǵa shamalas adam «Jaslar baǵı»na jaqsı niyetler menen dekorativ hám sayamanlı  terekler, sonday-aq, hár qıylı miywe nállerin otırǵızdı. Ulıwma maydanı 6 gektardan aslam atızda búgin jumıs qızǵın túrde alıp barıldı.

Image not found or type unknown

Joqarı dárejede shólkemleskenlik penen ótkerilgen akciya sheńberinde jaqsı istiń basında dástúrxan jayılıp, qatnasıwshılarǵa kóterińki keypiyat úlesiw maqsetinde koncert baǵdarlaması shólkemlestirildi.

Image not found or type unknown

Aytıp ótiw orınlı, «Jasıl mákan» ulıwma milliy akciyası bul jaslar baslamalarınıń biri bolıp, jaqında Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev baslaması menen járiyalanǵan «Jasıl mákan» ulıwma milliy joybarı boyınsha usı jıldıń 10-dekabr kúnine shekem ótkerilip atırǵan «áhmiyetli 40 kúnlik» ilajlarınıń dawamı bolıp esaplanadı hám bunday ilajlar bunnan bılay da keń túrde dawam ettiriledi.

Image not found or type unknown

Ótkerilgen  akciya juwmaǵında «Jasıl mákan» akciyasına belsendi qatnasqan barlıq mákeme-shólkemler, mámleketlik xám húkimetlik uyımlar, joqarı  oqıw orınları wákillerine Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń minnetdarshılıq xatları hám estelik sawǵaları tapsırıldı.

Image not found or type unknown